# BAQSÍ, SÁZENDE GENJEBAY TILEWMURATOVTÍN ATQARÍWSHÍLÍQ USÍLLARÍ

**A.A.Nawrızbaeva**

Ózbekstan Mámleketlik Kórkem-óner hám

Mádeniyat Institutı Nókis filialı

Folklor etnografiya kafedrası assistent oqıtıwshısı

***https://doi.org/10.5281/zenodo.10067245***

***Annotaciya.*** *Bul maqalada qaraqalpaq baqsıshılıq mektepleri, ustaz baqsı Genjebay Tilewmuratovtıńatqarıwshılıq usılı, onıń atqarǵan dástanları islegen miynetleri, dóretiwshilik xizmetleri haqqında sóz etiledi.*

***Gilt sózler:*** *baqsı, shayır, kórkem-óner, dástan, ustaz, lirika, sázende,*

## BAQSÍ, SÁZENDE GENJEBAY TILEWMURATOVTÍN ACTQARÍWSHÍLÍQ METHODS

***Abstract.*** *This article talks about Karakalpak singing schools, teacher Genjebay Tilewmuratov's method of teaching, the stories that he performs, and the teaching services.*

***Gilt words:*** *baqsı, shayır, kórkem-óner, dástan, ustaz, lyric, sázende.*

## БАКСЫ, САЗЕНДЕ ГЕНДЖЕБАЙ ТИЛЕВМУРАТОВТИН ACTQARÍWSHILÍQ МЕТОДЫ

***Аннотация.*** *В данной статье рассказывается о каракалпакских певческих школах, методе преподавания преподавателя Генджебая Тилевмуратова, рассказах, которые он исполняет, и педагогических услугах.*

***Позолоченные слова:*** *баксы, шайыр, коркем-онер, дастан, устаз, лирика, сазенде.*

---

Xalqımızdıń súyenishi ata-babalarımızdıń qaldırǵan áhmiyetli miyraslarınıń ózi bir úlken ǵáziyne. Bul ǵáziyneden aqılǵa say paydalanıw lazım. Ata-babalar wásiyatına sadıq hám múnásip bolıwımız kerek. Ájdadlarımız qaldırǵan biybaha ǵáziynelerin hám onı aǵızbay-tamızbay atadan balaǵa jetkerip kelgen pidayı atqarıwshılardı tarıyx betlerinde kórsetiw sawaplı is bolıp otır. Usınday ataqlı baqsı-sázendeleriniń biri Genjebay Tilewmuratov edi.

Genjebay Tilewmuratov baqsılar shańaraǵında dunyaǵa keledi. Ákesi Tilewmurat óz dáwirindegi Xorezm, Turkmenstannıń Tashawiz wálayatı átirapında qoldan-qolǵa tiymey júrgen baqsı boldı. Qaraqalpaq baqsıshılıq mektebi 4 shaqapqa bólinip, olar Aqımbet-Muwsa mektebi, Ǵáripniyaz-Súyew mektebi, Arzı mektebi, Orinbay mektebi bolatuǵın bolsa, Genjebaydıń ákesi qaraqalpaq baqsıshılıq óneriniń bir tarawın quraytuǵın Arzı baqsınıń shákirtleri Begim hám Dawıt baqsılarǵa shákirt bolıp tálim alǵan. Genjebay kishkeneliginen sazǵa qızıǵıp baqsıshılıq ónerin

dáslep óz  ákesinen Arzı baqsı mektebin úyrenedi. Ol kem-kemnen dunya túsinigi keńeyip, shákirtlik uqıbı ulǵaya kelgennen keyin, ákesi menen sheklenbey Aqımbet baqsınıń shákirtleriniń shákirtleri Esjan, Xudaybergenlerdiń izine erip kóp ǵana xalıq namaların,  sazların, dástanların úyrenip kózge túse baslaydı. Bunnan tısqarı ullı Súyew baqsınıń shákirtleri Ámet, Atajanlardıń shákirti Japaq baqsınıń atqarıwshılıq usılına qızıqsınadı. Sońında Qońıratqa barıp Orinbay baqsınıń atqarǵan namaların, qasında awılma-awıl júrip, úlken inta menen úyreniwge kewil bayladı. Ol usı tórt baqsıshılıq mektep wákilleriniń bir-birine usamaytuǵın ózine tán tvorchestvolıq ózgesheliklerin boyına jámlep, bul ullı baqsılardıń atqarıwshılıq dástúrlerin ózinde meńgerip, ózi hesh kimge usamaytuǵın, tek Genjebay baqsınıń atqarıw usılına tán jeke atqarıwshılıq usılın jarattı.

Genjebay Tilewmuratovtıń “Muwsanıń” jolına tán qatań dramalıq shiyelenisken naǵıs, sulıw sazlılıq, bálent lapız, “Súyewge” tán oynaqı, háreketsheńlik, súwretlemeshilik, “Arzıǵa” tán sahrayı keńlik, qıyalıy párwaz, jańa sapalılıq, “Orınbayǵa” tán lirikalıq ıshqı sezimtallıq, tolǵanıslar báride Genjebayda jámlengenligi onıń kóp qırlı talantınan derek beredi. [4]

Ol hesh bir atqarıwshılıq usılın sol qálpinde tákirarlamay, olarǵa ózinshe  stil,  forshlag, mordento, triol, tremola qusaǵan qosımsha jańa usıllar, nama hám sazlardı naǵıslar menen bezendire otırıp, qosıqlardı bálent lapız benen kámine keltirip aytıwları hár bir tıńlawshını terbendirmey qoymadı. Onıń tınımsız izleniwleri, izertlewleri nátiyjesinde jıynaǵan tásirleri, tájiriybesi arqasında joqarı dárejedegi, hámmeden úyrengen bıraq hesh kimge uqsamaytuǵın klassik atqarıwshı bolıp shıńlarǵa kóteriliwine alıp keldi.

Genjebay Tilewmuratov joqarida aytılıp ótilgen mekteplerdiń wákilleri bolǵan Esjan, Japaq, Qarajan, Aytjan, Jańabaylardan tálim alıp, olardıń atqarǵan namaları menen sazların, tınımsız qayta-qayta zikir ete beriwi nátiyjesinde atqarıwshılıq texnikası jetilisip, repertuarlarınıń keńeyip barıwına eristi. [2]

Genjebay Tilewmuratov dóretiwshilik xizmetleri barısında qaraqalpaq namaları hám sazların, hár qıylı naǵıslar, hár qıylı ırǵaqlarlar menen bayıtıp, jańartıp barıw menen sheklenbey, dástan atqarıwshılıq jolın  bayıtıp, óziniń dástan  atqarıw sheberligi menen de kóp sanlı atqarıwshılarǵa órnek bola aldı.

Genjebay Tilewmuratov  ózınıń súyip atqaratuǵın “Ǵárip ashıq”, “Sayatxan Hámira”, “Húrliha Hámra”, “Yusup Axmet”,  “Góruǵlı”, “Qırmandáli”, dástanların nama, sazlar arqalı teatrdaǵıday muz;kalıq obrazlar menen waqıyalardı súwretlep otırdı.  Haqıyqatında da ol óziniń bálent lapızı, sázendeshiligi menen dástan atqarıwshılıq sheberligin tap sahnadaǵıday tań qalarlıq dárejede birden-aq kórsetip, onı aqırǵı demlerine shekem háwirin túsirmey mudamı rawajlandırıp bardı.

Genjebay Tilewmuratov atqarıwshılıq xizmeti jetilisip barǵan sayın tábiyat jarasıq etken jaǵımlı hawazı, gúmbirlegen sazı, bet-álpettegi mimikası, ondaǵı aktyorlıq háreketler, qızǵın yosh bári onıń shın mánisindegi tınıp turǵan talantı, xalıqlıq moyınlawǵa iye etti. Haqıyqatında onıń súyip atqaratuǵın "Muwsa naması", "Muwsa sen yarı", "Láy-láy", "Adıńnan", "Ala qayıs", "Bes perde", "Arıwxan", "Jeti asırım", Qosha dás", "Kór qız", "Mertewil", "Eshbay", "Muxalles" hám basqada nama sazların júrekten berilip, emocional kúsh penen berilip atqarǵan waqıtları tıńlawshı tamashagóy bul namalardıń hár qaysısınan teatr tamashasın kórgendey tásir alatuǵın edi. [3]

Genjebay Tilewmuratovtıń dóretiwshilik xizmetine tásir etken jáne bir nárse 1960-jıldan baslap mádeniyat qániygeleri menen Ózbekstan Ilimler Akademiyasınıń Qaraqalpaqstan filialı muzıka laboratoriyasında islewi boldı. Bul jerde ol 1990-j;lǵa shekem ulıwma kórkem-óner tarıyxına baylanıslı materiyallar menen birge on mıńnan aslam nama, sazlardı jiynap, magnit lentasına jazıp, izetlep, bir qansha ilimiy miynetler jazıp, jarıqqa shıǵarıwǵa miyassar boldı.

Burınları xalqımız kóbinshe tek óziniń awıl-aymaǵındaǵı atqarılıp júrgen namalardı – qosıqlardı tıńlap júrgen bolsa, endi XX-ásirde ilimiy texnikanıń jetilisiw nátiyjesinde radio arqalı ulıwma Respublikamız boylap atqarılıp atırǵan namalarımızdı tıńlaw múmkinshiligine iye boldı. Mine usı jerde ósirler boylap shınjırma-shınjır kiyatırǵan milliy muzıka miyraslarımızdıń barlıǵın ortaǵa jıynap, olardıń shırayın buzbastan tártipke keltirilip – milliy qaraqalpaq qosıq hám sazları dárejesine ákeliwde Genjebay Tilewmuratovtıń hadalıy ıqlası hám qalıs islep ketken xizmetleri ayrıqsha boldı.

"Baqsıshılıqtaǵı hár mektepti úyrenip ulıwma qaraqalpaq milliy muzıkasına tán jollarınıń izin tabıwdı maqset etip qoydı aldına". Bul jumıs bir jaǵınan ilimiy miynet bolsa, ekinshi jaǵınan dóretiwshilik miynet álbette. Sol sebepli bul jumısta oǵan járdemshi bolǵan onıń óziniń atqarıwshılıq hám dóretiwshilik talantı.

Qosıq namaları menen bir qatarda duwtar sazları, xalıq penen birge jasap kiyatırǵan táǵdirlesi de sırlası da, muńlası da, eń qádirleytuǵın zatı da bolǵanlıqtan, xalqımız sázendelerdi – duwtardıń qulaǵına búlbil qondırǵan sázende dep maqtanısh etti. [4]

Genjebay Tilewmuratov – mine usınday "duwtardı sóyletetuǵın, duwtardıń dástesine búlbil qondırǵan", kúshli hám júdá sheber sázende edi. Bir baqsılar boladı - qosıqtı jaqsı aytadı bıraq sazǵa joq, bir baqsılar boladı sazǵa sheber qosıq aytıwǵa joq, al Genjebay Tilewmuratov sazdı da, qosıqtı da bántine jetkerip atqarǵan. Shákirti (Ózbekstan xalıq baqsısı) Ǵayrat Ótemuratov eslewlerinde bılay dep aytadı. "Genjebay aǵa duwtar shertkende qaysı perdeni qaysı dás penen yakı dássiz alıp atırǵanın kóziń ilmey qalatuǵın edi. Sebebi sazdı shıraylandırıp shertkende onıń

baspaǵan perdesi qalmaydı, barlıǵın da ilip ótedi, al endi bizlerde perdelerdiń barlıǵın basayıq desek kelispey qalaberedi” deytuǵın edi.

1992-jılı Nókis mámleketlik Mádeniyat hám kórkem-óner kolledjinen “Milliy muzıka” bólimi ashıldı. Soǵan baylanıslı oqıw processindegi zárúrli bolǵan barlıq materyallardı jańadan dóretip shıǵıw máseleleri tuwıldı. Mısalı mámleketlik standartlar hám dunya júzlik muzıka sawatlıǵı talaplarına juwap beretuǵın dárejedegi arnawlı sabaqlıqlar, oqıw qollanbalar, úlgi baǵdarlamalar, metodikalıq qollanbalar jaratıw kerek boldı. Sázendeshilik, baqsıshılıq hám jırawshılıqónerlerin ómeliy túrde úyretiwdiń, mámleketlik standart talabına juwap beretuǵın jańa jollarıntabıw máseleleri payda boldı.

Bul jumıslardı iske asırıwda Genjebay Tilewmuratov kóp miynet etti. 1991-jılı Bilim baspasınan fililogiya ilimleriniń doktorı, professor Oraqbay Dospanov hám Kórkem-ónertanıw ilimleriniń kandidatı Aǵımbay Allamuratovlar menen birgelikte avtorlıqta “Qaraqalpaq kórkem-óner atamalarınıń sózli” atlı, 1992-jılı jáne bilim baspasınan fililogiya ilimleriniń doktorları, professor Sarıgúl Bahadirova hám Sirajatdin Axmedovlar menen “Folklorlıq terminlerdiń qısqasha sózligi” atlı kitapların shıǵardı.

Muzıka qániygesi Dáwletmurat Allanazarov penen birgelikte eskiden kiyatırǵan alamoynaq duwtar sazların notaǵa túsiriw ústinde kóp jıllar dawamında jumıs alıp bardı. Sebebei keleshek áwladlarımızǵa miyras namalarımızdı taza hám anıq halında qaldırıwdıń birden-bir jolı, bul olardı sawatlı ráwishte nota jazıwında qaldırıw kerek ekenin jaqsı túsinetuǵın edi. Sonlıqtan da milliy namalarımızǵa tán bolǵan qaytalanbas naǵıslardı, ólshemlerdi, dáslerdi, ırǵaqlardı, namanıń metro-ritmikalıq súwretleri hám basqa da kóplegen nama qashırımların úyretip, násiyatlap barıwǵa jalıqpadı.

Juwmaqlap aytqanda Genjebay Tilewmuratov Respublikamızdıń barlıq wálayatlarında, Túrkmenistan hám Qazaqstannıń bıraz jerlerinde bolıp, bárshe baqsı, jırawlardan, shınqobız shertiwshilerden kóp atqarılmaytuǵın, umıtılıp baratırǵan eski namalardı, olardıń qaysı mektepke tiyisli ekenligi, hár bir baqsınıń atqarıwshılıq xarakteri, jolı, usıllarıń tereń izertlewleri onıń atqarıwshılıq usılınıń ilimiy sarraslıq penen háwij alıwına da ayrıqsha tásir etti.

**REFERENCES**

1. Қ. Мақсетов., «Қарақалпақ фольклорының эстетикасы», Нөкис-1971.
2. Қ. Айымбетов., «Хаық даналығы», Нөкис -1968.
3. Д.Алланазаров., «Қарақалпақ халық сазлары», Нөкис -2002.
4. D.Allanazarov “Xaıq baqsısı”, Nókis “Avangard baspa” -2022.

5. Jiyenbaevich M. I. The evolution of music pedagogy of the karakalpak people: Historical and theoretical aspects //Asian Journal of Research in Social Sciences and Humanities. – 2021. – Т. 11. – №. 10. – С. 27-32.
6. Jiyenbaevich M. I. Competence-based approach in higher musical and professional education //ACADEMICIA: An International Multidisciplinary Research Journal. – 2022. – Т. 12. – №. 4. – С. 42-47.
7. Moyanov I. TRAINING AND DEVELOPMENT OF ART PERSONNEL //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 9. – С. 65-69.
8. Jiyenbaevich M. I. COMPETENCE-BASED APPROACH IN HIGHER MUSICAL AND PROFESSIONAL EDUCATION //PROMINENCE OF INFORMATION BASES& MEDIA ASSESSMENTS IN THE POST CONFLICT MARKETING ENVIORNMENT.
9. Моянов Ы. Д. ҚОРАҚАЛПОҚ ХАЛҚИ МУСИҚИЙ ПЕДАГОГИКАСИНИНГ ТАРИХИЙ-НАЗАРИЙ ЖИҲАТЛАРИ: Моянов Ыкласбай Жийенбаевич Ўзбекистон Давлат санъат вамаданият институти Нукус филиали,«халқ ижодиёти» кафедраси в. в. б доценти. Педагогика фанлари бўйича фалсафа доктори (PhD) //Образование и инновационные исследования международный научно-методический журнал. – 2021. – №. 5.
10. Моянов Ы. Д. ҚОРАҚАЛПОҚ ХАЛҚИ МУСИҚИЙ ПЕДАГОГИКАСИНИНГ ТАРИХИЙ-НАЗАРИЙ ЖИҲАТЛАРИ //Образование и инновационные исследования международный научно-методический журнал. – 2021. – №. 5.
11. Тажимуратова Ш. С. САНЪАТШУНОСЛИК ФАНЛАРИНИ ЎҚИТИШ ОРҚАЛИ ТАЛАБАЛАРНИНГ МУСТАҚИЛ ИШЛАШ КЎНИКМАЛАРИНИ ШАКЛЛАНТИРИШ. – 2023.
12. Saginbaevna T. S. FORMATION OF STUDENTS'SKILLS OF INDEPENDENT PERFORMANCE THROUGH THE TEACHING OF ART HISTORY //Spectrum Journal of Innovation, Reforms and Development. – 2022. – Т. 9. – С. 386-392.
13. Tajimuraova S. S. INFORMATION AND COMMUNICATIONS IN MANAGEMENT //Journal of Integrated Education and Research. – 2022. – Т. 1. – №. 5. – С. 509-511.
14. Tajimuratova Shakhnoza Saginbaevna. (2022). MANAGEMENT AND STUDY OF CULTURE AND ART. Web of Scientist: International Scientific Research Journal, 3(1), 758–762.

15. Sag'inbaevna, T. S. (2023). Cultural Life in Uzbekistan during the Years of Independence. Spanish Journal of Innovation and Integrity, 18, 39-41.
16. Ануаровна О. Р. ҚОРАҚАЛПОҚ ХАЛҚ КУЙЛАРИ ВОСИТАСИДА БОЛАЛАР ИЖОДКОРЛИГИНИ РИВОЖЛАНТИРИШ. – 2023.
17. Anuarovna U. E. IMPROVING THE MECHANISMS OF EDUCATING STUDENTS IN THE SPIRIT OF INTER-ETHNIC HARMONY BASED ON NATIONAL MUSIC IN THE CONDITIONS OF ETHNO-CULTURAL RELATIONS //International Journal of Advance Scientific Research. – 2023. – Т. 3. – №. 09. – С. 329-333.
18. БОЛАЛАР Қ. Х. К. В., РИВОЖЛАНТИРИШ И. MODERN SCIENCE AND RESEARCH //MODERN SCIENCE. – 2023. – Т. 2181. – С. 3906.
19. Ospanova R. DEVELOPMENT OF CHILDREN'S CREATIVITY THROUGH BLACK FOLK SONGS //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 9. – С. 70-73.

MODERN SCIENCE
& RESEARCH